


Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Pwochen chapit nou an pale de fonksyon ak graf yo. Fonksyon se bagay fondamantal nan aljèb epi yo se yon lyen enpòtan nan kou sa a, byenke nou poko janm itilize tèm *fonksyon* an.

Yon fason itil pou konsidere yon fonksyon se tankou yon machin ki pran kèk antre (yon nimewo oubyen yon lòt bagay) epi ki pwodwi yon rezilta. Rezilta a fèt pou li *inik*, sa vle di ou gen yon sèl rezilta sèlman pou yon antre an patikilye. Epitou, rezilta a dwe pou li *lojik* : ou jwenn rezilta sa a chak fwa ou itilize menm antre a. Pa egzanp : nan machin sa a, si 3 se antre a, li antre nan machin lan epi yo multipliyè li pa 5, alò rezilta a se 15. Chak fwa ou antre 3 wap gen menm repons lan, 15.



Byen souvan yo esprime fonksyon yo sou fòm ekspresyon matematik. Pa egzanp, chak règ sa yo dekri fonksyon machin anlè a reprezante a : multipliyè pa 5.

$$y = 5x \quad f(x) = 5x \quad g(t) = 5t$$

Yon fwa nou itilize machin antre-rezilta a pou nou etidye fonksyon, nap kontinye itilize graf pou nou jwenn valè maksimòm epi valè minimòm fonksyon yo. Nou pral itilize fonksyon yo tou pou nou rezoud pwoblèm. Pa egzanp, si w gen 6 mètr kloti pou yon kalòj lapen epi ou vle pi gwo sipèfisi posib la, ou ka itilize fonksyon $A(L) = 5L(3 - L)$ la pou detèminen chak kote kalòj la gen 1,5 mètr nan kloti a.

Vokabilè Nan pwochen leson yo, nap aprann nouvo tèm vokabilè sa yo :

domèn
fonksyon

etandi
absis nan orijin

Kisa w ka fè lakay ?

Pandan pwochen semenn yo, elèv ou an ka montre li enterese nan fonksyon ak graf. Ou ka ede l reflechi sou kèk sitiyasyon li ka reprezante sou fòm fonksyon, tankou sa yo ki swiv la.

Antre : kantite total yon bil restoran

Antre : longè kote yon kare

Antre : kantite granmoun ki ale nan sinema

Rezilta : poubwa a 15%

Rezilta : sifas kare sa a

Rezilta : pri total biyè ki koute 8,00\$ chak

